



Biwo Pwokirè Jeneral Eta New
York la

Letitia James | Pwokirè Jeneral

Biwo Gouvènè New
York la



Kathy Hochul | Gouvènè

Gid Konjwen Biwo Gouvènè ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York pou Òganizasyon ak Antite Prive ki Pa La Pou Fè Pwofi

14 Fevriye 2025

Entwodiksyon

Gid sa a fèt pou enfòmè antite prive ak antite ki pa la pou fè pwofi, tankou ajans ak founisè sèvis sosyal (ki gen ladan refij pou moun ki sanzabri, refij pou viktim vyolans domestik, ak lòt etablisman rezidansyèl, ansanm ak sit ki pa rezidansyèl ak etablisman sèvis sosyal); espas adorasyon yo tankou legliz, sinagòg, moske, ak tanp; etablisman medikal ak sante; ak lòt antite ki bay sèvis ak espas kominotè, pou ede yo evalye ki jan pou yo reponn demann otorite imigrasyon federal yo pandan y ap pwoteje dwa rezidan yo, kliyan yo, pasyan yo, manm yo, ak anplwaye yo.

Gid sa a pa reprezante konsèy jiridik, li pa kouvri tout senaryo posib yo an detay, epi li pa pran an kont varyasyon nan lwa ak règleman lokal yo. Ka gen lwa, règleman, politik, kloz kontra, ak lòt konsiderasyon ki gouvènè konpòtman yon antite. Si ou gen lòt kesyon oswa ou ta renmen etabli politik ki adapte ak sitiyasyon ou an, nou ankouraje w konsilte konseye jiridik òganizasyon w lan. Tanpri sonje gid sa a aplike pou enstitisyon prive oswa ki pa la pou fè pwofi epi li pa aplike pou batiman vil la oswa eta a posede oswa lwe. Pwopriyete eta yo sijè ak Dekrè Egzekitif 170.1 an. Genyen tou yon gid apa pou distri lekòl yo, ak lyen ki mennen nan lòt resous nan fen dokiman sa a, anplis Dekrè Egzekitif la.

Yo te prepare ti gid sa a apre yon ogmantasyon nan kesyon ak demann yo te resevwa nan biwo nou yo apre direktiv Depatman Sekirite Enteryè a ki te abwoje ansyen direktiv ki te pwoteje "espas sansib" yo kont aktivite federal aplikasyon lalwa sou imigrasyon sivil. Objektif gid sa a se pou prepare epi enfòmè òganizasyon ak enstitisyon yo pou yo ka konsantre sou moun ak kominote y ap sèvi yo, misyon yo, ak travay esansyèl yo.

K: Èske y ap aplike mezi pou fè respekte lwa imigrasyon yo nan etablisman mwen an?

R: Anvan sa, politik Depatman Sekirite Enteryè Etazini an te jeneralman entèdi otorite ki responsab aplikasyon lwa imigrasyon yo, tankou ajan Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) yo, pou yo fè arestasyon pou enfrazasyon nan kad imigrasyon sivil oswa pou yo angaje nan lòt aktivite aplikasyon lwa imigrasyon sivil nan "espas sansib" yo, tankou, men pa limite ak, lekòl (soti nan gadri rive nan kolèj ak inivèsite); etablisman medikal ak sante ; espas adorasyon tankou legliz, sinagòg, moske ak tanp; kote timoun rasanble, tankou sant gadri oswa fwaye akèy; "enstalasyon sèvis sosyal tankou refij pou viktim vyolans domestik, sant kriz, sant defans timoun, sant vizit sipèvize, sant jistis fanmi, òganizasyon kominotè, etablisman ki sèvi moun ki andikape, sant pou moun ki sanzabri, sant konsèy ak tretman pou dwòg oswa alkòl, oswa bank manje oswa lòt etablisman k ap distribye manje oswa lòt pwodui premye nesèsite bay moun ki nan bezwen"; ak lòt ankò. Espas sa yo te pwoteje pou pèmèt tout manm kominote a, tankou moun ki pa gen otorizasyon legal rete Ozetazini, jwenn aksè nan sèvis ak espas yo konte sou yo nan sekirite, epi politik sa yo te ankouraje sante ak byennèt kominote a.

Depatman Sekirite Enteryè a te anile règleman sa yo dènyèmman epi li te deklare li delege desizyon aplikasyon yo bay chak ajan endividyèlman.

Sa vle di ajan imigrasyon yo ka chèche fè arestasyon nan oswa toupre espas sansib yo. Li rete pou nou wè ak ki frekans epi ki entansite yo pral itilize otorite sa a nan kominote nou yo. Sonje, ajan imigrasyon yo ka chèche enfòmasyon ki nan posèsyon enstitisyon ou an atravè divès mwayen (pou egzanp, demann nan telefòn oswa imèl, sitasyon, oswa manda) pou ede nan aplikasyon lalwa.

Q: Èske òganizasyon oswa antite mwen an oblije konfòme li kounye a ak aplikasyon lwa imigrasyon yo?

A: Abwogasyon politik sou "espas sansib" yo pa afekte limit ki te deja egziste sou otorite ki la pou aplike lwa sou imigrasyon yo, epi li pa vle di ou oblije nesèsèman pèmèt ajan imigrasyon yo antre nan etablisman w lan oswa reponn demann yo fè pou aplike lwa imigrasyon yo. Antite prive yo ak sila ki pa la pou fè pwofi yo konsève kapasite yo pou refize kolabore nan sèten sikonstans, jan sa eksplike pi lwen nan gid sa a. Anjeneral, pwopriyete prive rete pwoteje anba Katriyèm Amannman an, ki limite konpòtman ajan imigrasyon yo epi ki pwoteje kont "fouy ak sezi ki pa rezonab". Moun yo gen dwa tou pou yo rete an silans anba Senkyèm Amannman an. Anplis, kliyan ou yo, pasyan ou yo, rezidan ou yo, elatriye, ka gen dwa anba lwa lokal yo, eta a ak federal yo ki aplike espesyalman nan sitiyasyon ou an. Pou egzanp, menm lè ajan imigrasyon yo ta jeneralman kapab jwenn enfòmasyon, enfòmasyon espesifik yo mande a ka pwoteje anba HIPAA, FERPA, oswa sekre pwofesyonèl ant avoka ak kliyan.

K: Èske òganizasyon oswa antite mwen an oblije bay yon ajan imigrasyon antre si l vle jwenn aksè ak yon moun nan etablisman an?

R: Li enpòtan pou gen distenksyon ant espas piblik ak prive nan etablisman ou an. Si etablisman ou an gen espas ouvè pou gran piblik la (tankou yon zòn akèy oswa yon lobby, oswa yon pakin), ajan imigrasyon yo ka antre ladan yo menm jan ak gran piblik la. Menm règ ki aplike pou gran piblik la nan espas sa yo aplike pou ajan sa yo—si ajan imigrasyon yo ap deranje oswa entimide moun ki prezan yo, anplwaye ajans lan ka dokimante konduit sa a, tankou non ajan yo ak nimewo badj yo, ak enpak yo sou kapasite ajans ou an pou fè travay li. Anplwaye ajans lan kapab enfòmè ajan yo tou y ap deranje travay sou plas la epi mande yo pou yo ale.

Si etablisman ou an gen espas prive ki fèm pou gran piblik la (tankou biwo, chanm egzamen pasyan, espas dòtwa, chanm rezidan yo, biwo travayè sosyal yo, chanm reyinyon kliyan yo, oswa nenpòt espas ki fèm oswa ki make "prive" epi yo kenbe kòm prive), manm pèsònèl yo pa oblije pèmèt ajan imigrasyon yo antre nan espas prive sa yo sof si ajan an montre yon manda jidisyè ki valab. Yon manda jidisyè yon jij federal siyen epi li pamenm ak yon manda administratif ki pote so Depatman Sekirite Enteryè a, Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn, oswa Depatman Jistis la epi yon ajan imigrasyon siyen. (Gen echantyon dokiman sa yo nan fen gid sa a.)

Sonje, ajan ICE yo oswa lòt kalite ajan, ka fè kontwòl imigrasyon, epi yo ka pa idantifye tèt yo klèman. Yo ka plis oswa mwens transparan sou rezon ki fè yo mande aksè nan lokal ou a oswa enfòmasyon ou genyen yo.

Nan nenpòt sitiyasyon, anplwaye yo pa dwe kache pèsonn, pa dwe fè fo deklarasyon bay ajan k ap aplike lwa imigrasyon yo, epi pa dwe eseye entèfere fizikman oswa bloke ajan imigrasyon yo. Si ajan yo fòse antre nan zòn ki fèm pou gran piblik la, anplwaye yo dwe rete kalm epi dokimante sa ki te pase yo avèk presizyon.

K: Ki sa òganizasyon oswa antite mwen an dwe fè pou prepare pou vizit otorite imigrasyon k ap chèche aksè nan etablisman li an?

R: Anvizaje etabli yon politik pou jere demann sa yo, ki adapte ak etablisman ou an. Kòm yon pati nan politik sa a, ou kapab deziyen yon administratè kòm pwen kontak pou anplwaye ki nan premye liy yo (resepsyonis, ajan sekirite, gadyen, elatriye) si ajan imigrasyon yo rive nan etablisman ou an oswa kontakte ajans ou an pou jwenn enfòmasyon. Moun sa a ap kapab evalye demann ajan yo ak valide dokiman yo prezante yo (manda oswa sitasyon), epi konsilte yon avoka byen vit pou plis enstriksyon. Yo ankouraje òganizasyon prive ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo pou yo fòme anplwaye yo regilyèman sou politik ki aplikab yo, distenksyon ant espas piblik ak prive, ak manda jidisyè ak administratif yo.

K: Èske ajan imigrasyon yo ka kesyone anplwaye òganizasyon oswa antite mwen an nan yon espas piblik?

R: Wi, men moun yo dwe konnen yo gen dwa pou rete an silans epi pou yo pa reponn okenn kesyon. Si entèwogatwa a ap fèt an pèsòn, anplwaye yo ka mande si yo lib pou yo ale. Si repons lan se wi, yo ka ale epi yo pa bezwen reponn okenn kesyon. Si yo di yo pa lib pou yo ale, anplwaye yo dwe konnen yo ka mande pou yo pale ak yon avoka, epi, sinon yo ka rete an silans. Anplis, si anplwaye ajans lan chwazi reponn kesyon ajan imigrasyon yo, yo dwe fè atansyon pou evite nenpòt fo deklarasyon.

K: Ki jan anplwaye yo dwe reponn demann enfòmasyon konsènan kliyan oswa rezidan ajans lan?

A: Demann enfòmasyon yo ka pran plizyè fòm, soti nan apèl telefonik oswa imèl rive nan divès kalite sitasyon fòmèl.

Nou ankouraje òganizasyon yo ak antite yo pou yo fòme tout anplwaye k ap jere apèl telefonik ak imèl pou yo ka transfere nenpòt demann enfòmasyon (sitou sa yo ki konsène yon rezidan, yon pasyan, yon kliyan, elatriye) bay administratè yo deziyen yo ki ka konsilte yon avoka apre sa. Sa ap anpeche nenpòt divilgasyon enfòmasyon san otorizasyon oswa ilegal enfòmasyon prive yon moun. Si yon antite resevwa yon demann enfòmasyon volontè, nou ankouraje administratè yo deziyen an pou li evalye si li posib pou konfòme li avèk demann lan san vyole lwa sou vi prive eta a oswa federal yo epi si enfòmasyon yo mande pou bay yo ta gen enpak sou misyon prensipal ajans lan ki se bay moun ki nan bezwen sèvis oswa sipò. Anplwaye yo dwe fè kopi dokiman ajan imigrasyon yo prezante yo. Si demann lan te fèt vèbalman, anplwaye ajans lan dwe dokimante demann lan.

Si yon antite resevwa yon sitasyon oswa nenpòt lòt demann enfòmasyon, li dwe transfere demann sa bay konseye jiridik òganizasyon an, ki ka evalye ki jan pou yo reponn. Nan kèk ka, avoka a ka rekòmande pou yo reponn sitasyon an, alòske nan lòt ka, li ka detèmine sitasyon an pa sifi nan kèk aspè. Se poutèt sa, li enpòtan pou refere sitasyon an bay avoka òganizasyon w lan anvan ou eseye reponn.

Dokiman Adisyonèl

- » Dekrè Egzekitif 170.1 an: https://www.governor.ny.gov/sites/default/files/atoms/files/EO_170.1.pdf
- » Memorandòm Achive Depatman Sekirite Enteryè(DHS) a sou Administrasyon Biden nan: <https://www.dhs.gov/archive/news/2021/10/27/secretary-mayorkas-issues-new-guidance-enforcement-action-protected-areas>
- » Direktiv DHS Administrasyon Trump la <https://www.dhs.gov/news/2025/01/21/statement-dhs-spokesperson-directives-expanding-law-enforcement-and-ending-abuse>
- » Gid Konjwen Biwo Gouvènè Eta New York la, Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la, ak Depatman Edikasyon Eta New York la: <https://www.nysed.gov/sites/default/files/oag-go-sed-immigration-students.pdf>
- » Fich Enfòmasyon Sant Nasyonal Dwa Imigrasyon an: <https://www.nilc.org/resources/factsheet-trumps-rescission-of-protected-areas-policies-undermines-safety-for-all>
- » Pwotokòl Modèl pou Òganizasyon ki Pa La Pou Fè Pwofi, Pwopoze pa Avoka Enterè Piblik New York yo ak ALawyers Alliance for New York: <https://www.nylpi.org/wp-content/uploads/2025/01/Guidance-to-Nonprofits-Regarding-Immigration-Enforcement-1.pdf>